

Jackson Health System

Rezime Pwogram Èd Finansye a

Pwogram Asistans Finansye Jackson Health System nan fèt pou asire pasyan ki pa gen asirans jwenn swen medikal ki nesèsè, lè l ofri yo sèvis gratis oswa ak rabè.

Objektif nou se bay soulajman finansye, epi nivo rabè a ajiste selon kapasite pasyan an pou l peye. Pasyan ki elijib yo ka resevwa **swen gratis oswa yon rabè** sou bòdwo medikal yo, epi kantite rabè a depannde revni fanmi an konpare ak FPG (Federal Poverty Guidelines).

Kalifikasyon yon pasyan detèmine selon revni global mansyèl li, kantite moun k ap viv nan kay la, estati imigrasyon l, ak Rezidans nan Konte Miami-Dade.

Faktè Kle Kalifikasyon

- Moun nan dwe gen asirans
- Yon rezidan Konte Miami Dade pandan 90 jou oswa plis
- Prèv Konpozisyon Fanmi an
- Estati Imigrasyon
- Tout dokiman sipò yo mande yo dwe bay pou nou ka detèmine kalifikasyon ou ak nivo asistans ou ka resevwa nan delè ki etabli a.
- Ou dwe dispoze pou w aplike pou tout pwogram asistans ki disponib, tankou Medicare oswa Medicaid.

Kijan pou w aplike pou asistans finansyè

Pou **NOUVO** aplikan ki pa gen asirans, sa gen ladann moun ki pa elijib pou Medicaid oswa Medicare, yo dwe aplike pou Asistans Finansye a lè yo ranpli aplikasyon an sou entènèt nan lyen ki anba a.

<https://ola.veritysource.com/jackson?sc=appl2>

Fason pou w Soumèt yon Aplikasyon pou Renouvèlman

Si ou se yon pasyan aktyèl epi kat Jackson Prime ou prè pou ekspire, tanpri soumèt yon aplikasyon pou renouvèlman atravè lyen ki anba a.

<https://ola.veritysource.com/jackson/>

Pou asire n ap ka travay sou aplikasyon w lan (Nouvo oswa Renouvèlman) epi finalize nan delè **30 jou yo**, tanpri **telechaje tout dokiman obligatwa yo** imedyatman apre ou fin soumèt aplikasyon w lan.

Èd pou Bòdwo Medikal ki pa peye

Nou kapab ede tou ak bòdwo medikal ki pa peye. Opsyon sa a disponib pou moun ki pa gen kapasite pou yo peye, sa gen ladann moun ki pa rezidan Konte Miami-Dade yo.

Soumèt yon aplikasyon pou Asistans Finansye, ou ka jwenn ni sou

<https://jacksonhealth.org/patient-tools/financial-assistance/>

Dokiman ki obligatwa:

- Pyès idantite
- Kat Sekirite Sosyal
- Prèv estati imigrasyon
- Revni global chak mwa
- Kimoun ki rete nan kay la
- Lòt — Si ou kalifye, yo pral mande ou pou aplike pou lòt pwogram ou ka elijib ladan yo, tankou Medicare oswa Medicaid.